



Lòt Opsyon

Konferans Koutwazi

Si ou pa mande yon konferans konsilyasyon oswa kontestasyon nan Tribinal Kontestasyon Fiskal la nan delè legal yo, ou ka kalifye pou yon konferans koutwazi nan Depatman Finans (Department of Finance). Si yo akòde ou yon konferans, w ap ka mande depatman an pou re-detèmine responsablite fiskal ou. Enstriksyon pou mande yon konferans koutwazi pral parèt sou avi ou resevwa nan men Depatman Finans la k ap enfòm ou sou obligasyon fiskal ou.

Finalman, si ou pa satisfè ak sa ki soti nan konferans koutwazi a, ou ka mande yon konferans sòti pou konteste rezilta oditè yo te mete responsab dosye ou a.

Plan Peman

Depatman Finans ofri plan peman bay kontribyab ki pa ka regle dèt taks biznis yo.

Pou mande yon plan peman pou yon dèt ki \$500 oswa plis, ale sou sitwèb sèvis elektwonik depatman an nan www.nyc.gov/eservices.

Si ou dwe mwens pase \$500, ale nan yon sant biznis Depatman Finans pou pale sou aranjman pou peman. W ap jwenn adrès sant yo nan www.nyc.gov/visitdof.

Biwo Reprezantan Kontribyab nan Vil New York

Tiliv sa a se yon sèvis Biwo Reprezantan Kontribyab nan Vil New York. Si ou te fè yon efò rezonab pou rezoud yon pwoblèm taks ak Depatman Finans men ou santi ou pa te resevwa yon repons satisfèzan, Biwo Reprezantan Kontribyab la ka ede. Pou jwenn èd, ale sou www.nyc.gov/taxpayeradvocate epi ranpli fòm DOF-911, "Request for Help from the Office of the Taxpayer Advocate" (Mande Èd nan men Biwo Reprezantan Kontribyab la).

Imèl: DOFTaxpayerAdvocate@finance.nyc.gov

BIWO

REPREZANTAN KONTRIBYAB


Si ou bezwen yon aranjman poutèt yon andikap pou ou kapab aplike pou yon sèvis oswa pou ou kapab resevwa sèvis la oswa pou patisipe nan yon pwogram Depatman Finans ofri, nou envite ou pou kontakte Fasilitatè Sèvis Andikap la nan www.nyc.gov/contactdofeeo oswa rele 311.



nyc.gov/finance

OTA Business Excise Tax [Haitian Creole]

4.29.19



TAKS BIZNIS AK TAKS DASIZ

Dwa ak
Responsablite
ou yo



KIJAN POU MWEN KONTESTE DÈT TAKS BIZNIS MWEN AN?

Si ou pa dakò ak rezilta Depatman Finans konsènan taks biznis oswa taks dasiz ou yo, ou gen de (2) metòd pou konteste. Ou ka mande yon konferans konsilyasyon ak Biwo Konsilyasyon Depatman Finans la oswa depoze yon petisyon ak Tribinal Kontestasyon Taks la.



Biwo Konsilyasyon Depatman Finans

Yon konferans konsilyasyon se yon kad endepandan, enfòmèl, san paspouki epi ki pa jiridik pou ou rezoud dispit taks vit, san pa bezwen gen depans yon odyans fòmèl. Si ou vle mande yon konferans konsilyasyon, ou dwe ranpli fòm aplikasyon an. Ale sou www.nyc.gov/finance epi chèche “conciliation conference” (konferans konsilyasyon) pou telechaje fòm nan.

Kijan li mache?

Pou dèt taks biznis oswa taks dasiz, ou dwe mande yon konferans nan 90 jou oswa pi piti apre dat ki sou “avi sou detèminasyon” oswa “avi sou refi” ou resevwa nan men Depatman Finans la.

Nan konferans la, ou menm oswa reprezantan ou pral prezante agiman ak dokiman ki kore pozisyon ou. Si se yon lòt moun ki pral reprezante ou, moun sa a dwe gen on manda epi ou dwe bay dokiman manda a ak demann ou pou konferans la.

Medyatè a pral pran yon desizyon selon enfòmasyon yo bay pou dosye a. Medyatè a ka swa konfime premye detèminasyon Depatman Finans la, oswa yo ka dimine montan ou dwe a. Si ou mande li, ou ka resevwa yon ranbousman konplè oswa pasyèl.

Tribinal Kontestasyon Taks

Tribinal Kontestasyon Taks la se yon ajans endepandan yo te etabli nan manman-lwa minisipalite vil la pou rezoud diskisyon ant kontribiyab yo ak Depatman Finans. Ou gen dwa pou mande yon odyans ak yon jij lwa administratif epi, si ou pa dakò ak desizyon jij la, dwa pou depoze yon kontestasyon nan Divizyon Kontestasyon tribinal la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou etap yo ki dekri anba a, ak pou telechaje fòm ki nesèsè yo, ale sou www.nyc.gov/taxappeals.

Kijan li mache?

Etap 1: Odyans Jij Lwa Administratif

Ou dwe mande tribinal la yon odyans nan 90 jou oswa pi piti apre dat ki sou avi k ap enfòme ou sou dèt fiskal ou a. Y ap chwazi yon jij ki pral fè yon konferans avan odyans la kote moun ki konsène yo pral eseye jwenn

yon antant. Si moun ki konsène yo pa ka jwenn yon antant, yo pral kontinye ak yon odyans. Jij la pral fè pwosè a epi bay yon detèminasyon alekri nan sis (6) oswa mwens. Ou gen dwa pou konteste desizyon jij la.

Tanpri sonje se tribinal inite Ti Reklamasyon an ki regle zafè ki gen \$10,000 oswa mwens. Pwosedi sa yo mwens fòmèl epi yo pa ka konteste desizyon inite a.

Etap 2 (pa obligatwa): Konteste Desizyon Jij la

Desizyon jij la obligatwa amwenske youn oswa toude moun ki konsène yo depoze yon eksepsyon ak Divizyon Kontestasyon Tribinal la nan 30 jou oswa pi piti apre desizyon jij la. Twa (3) manm komisyon divizyon an pral konsidere kontestasyon ou a epi bay yon detèminasyon.

Etap 3 (pa obligatwa): Konteste Desizyon Divizyon Kontestasyon an ak yon Atik 78.

Si ou pa dakò ak desizyon Divizyon Kontestasyon an, ou ka konteste nan Lakou Siprèm Eta New York la. Yo rele kontestasyon sa a yon “Atik 78” pou seksyon nan lwa eta a yo te etabli li. Ou ka depoze yon Atik 78 jiska 120 jou apre Tribinal Kontestasyon Taks la deside sou dosye ou a.

Enfòmasyon pou Kontakte Kontestasyon Taks

New York City Tax Appeals Tribunal
One Centre Street, New York, NY 10007

Appeals Division
Room 2400
Telefòn: (212) 669-2070
Faks: (212) 669-2211

Administrative Law
Judge Division
Room 2430
Telefòn: (212) 669-4501
Faks: (212) 669-4503